



MSPP
MINISTÈ SANTE PIBLIK
AK POPILASYON

NÒT SENPATI NAN MEMWA VIKTIM LOPITAL JENERAL YO

Pòtoprens, 25 desanm 2024

Moun mwen ye a, patriyòt mwen ye a, anplis minis sante a, pa gen mo pou eksplike tristès mwen aprè atak bandi san fwa ni lwa fè sou pezig sitwayen ki te prezan pou fè travay yo nan moman seremoni ki te vize relouvri lopital inivèsite leta a nou tout konnen sou non lopital jeneral. Atak sa koute lavi konpatriyòt nan medya ak sila ki nan lapolis la.

Nan sikonstans trajik sa mwen kanpe bò kote viktim yo ak fanmi viktim yo pou di yo mwen pataje doulè yo e mwen pran angajman poum di yo pa pou kont yo. Fanm ak gason ki te avèk nou jou sa te la pou fè travay yo. Okenn nan yo pa merite sa ki rive a. Anyen pa ka jistifye agresyon ki fèt sou yo. Mwen vle bay ochan pou tout jounalis kap goumen chak jou pou enfòmè popilasyon an, yon fason pou kenbe flanbo demokrasi a limen nan peyi a. Mwen koube m byen ba devan polisye ki pa sispann riske lavi yo pou pwoteje chak grenn konpatriyòt nou yo.

Pwovokasyon sa yo pa retire yon yota sou detèminasyon m genyen pou m kontinye travay pou amelyore kondisyon swen sante kap bay an Ayiti epi fè yo pi aksesib pou popilasyon an nan tout kwen nan peyi a.

Mwen ap raple vyolans pa gen plas li nan sosyete nou vle konstwi a. mwen mande otorite yo nan jistis la pou aji prese prese pou rann jistis ak sila ki tonbe yo. Zak vyolans san fwa ni lwa sa pap ka rete san konsekans.

Mwen mande popilasyon an kontinye fè m konfyans pou nou rive ansanm afwonte defi ki devan nou chak jou yo. Ansanm nap bati yon sistèm sante ki pi solid pi ki disponib pou nou tout san diskriminasyon.

Avèk tout solidarite m,
Duckenson Lorthé Blema
Minis Sante piblik ak Popilasyon